АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№22 (10016)
РУЗМАН
3 июнь 2022 сон
3 ЗУЛЬ-КЪАГIИДА 1443 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ

## ХIабибасул (с.гI.в.с.) асарал дандчIвана

**Нилъер районалъул жамагIат цолъиялъул мисалал гIемерал тадбиразда загьирлъула. Амма араб шамат къоялъ Аллагьас жиндие гIоло дунял бижарав МухIаммад аварагасул (с.гI.в.с.) асарал дандчIваялъулъ хасаб паналъи, гьайбатлъи ва гъунки бихьизабуна нилъер районцояз.**



Рамазан моцIалдаса байбихьун Муфтияталъ тIоритIулел руго МухIаммад аварагасул (с.гI.в.с.) асарал ва, гьезда гъорлъ бицун хирияблъун кколеб, аварагасул рас бихьиялъул тадбирал.

28 маялъ баракатал асарал ана нилъер районалъул ракь къотIун, сапаргун ЦIунтIа районалде. Гьел асарал нилъер ракьалдаса ин - гьеб кIудияб рохел, талихI ва баракат буго нилъее.

Жеги бихьичIеб цолъиги гъункиги загьир гьабуна гьеб къоялъ районцояз. Гьакьадерил гIурхъудаса байбихьун, ракьуселгун дагъбашдерил гIурхъаби рахинегIан шагьраялда гIадамал эхетичIеб гьоркьоб бакIго хутIун букIинчIин абуни мекъи ккеларо.

Цо батIияб, хасаб чIаголъиги байрамияб ахIвалхIалги букIана гьеб къоялъ тIолабго районалда, щивасул гьурмада букIана рохелгун хIайранлъи. Живго Аваргаггун (с.гI.в.с.) дандчIвалеб хасият букIана гIадамазул рекIелъ. Гьелъ батила гьитIиназдаса чIахIиязде гIунтIун рокъов чи хутIичIого жамагIат къватIиб бахъун букIараб. Байрахъалгун шариказ къачIан рукIана къватIал, росабалъе нухал рикьулел бакIазда шагьраялда гIадамаз тIиритIун рукIана тIансаби, къачIан байрамияб хIалалда чIагояб жанахI гьабун букIана киназго.

АлхIамдулиллагь, нилъ рати МухIаммадил (с.гI.в.с.) умматалъул! МухIаммад Аварагасул (с.гI.в.с.) нухги ккун, бацIцIадаб дин гьабулеб ракьалда рижунги ратиялъе щукру! Ахираталдаги гьедин Аллагьасул бицун хирияв Расуласда (с.гI.в.с.) сверухъ данделъулеллъун ратайги нилъ киналго!

* * *

Дица бицана халкъалъул цолъиялъул ва гъункиялъул, амма камулаpo гIаммаб ишалдаса ва жамгIияб хIалтIудаса нахъе къан чIолелги. КигIан бокьаниги бокьичIониги гьезул цIарал рехсечIогоги гIезехъин гьечIо.

Районалъул бетIерасул жигараб байбихьиялда гъоркь, цибаб моцIалъул ахирисеб рузман къобихьизабун буго тIолгорайоналъулаб субботник гьабулеб къолъун. Ахирисеб субботник Аварагасул асарал дандчIваялъе хIадурлъулаго цIакъго кIвар бугеблъун бихьизабунги букIана.

Бищун тIоцебесеб иргаялда мисалги бихьизабун, районалда рацIцIа-ракъалъи цIуниялъе гьабулел тадбиразе къвал къазе ккараб бакIалда нахъегIан къан чIараллъун ккана ветеринарияб управление, ЦРБ, ЦЗН, РУЭС, пенсионый фонд, казначейство, Россельхозбанк, РЭС, почта, военкомат, ветеринарияб лаборатория, Райпо ва ДЭП. Гьел идарабазул нухмалъулезул кIвар гьечIолъилъун рикIкIуна гьеб.

ЦIакъ лъикIаб гIахьаллъи бихьизабуна райадминистрациялъул, ХIебда соцталъул, культураялъул отделалъул, ЕДДСалъул, КЦСОНалъул, УСЗНалъул, пожарный часталъул, ОНОялъул, лесхозалъул, спортшколалъул, росдал магIишаталъул отделалъул, финотделалъул, редакциялъул ва МФЦялъул хIалтIухъабаз.

Гьеб хIадурлъиялъги райцентралда гьабураб рацIцIа-ракъалъиялъги Аллагьасги, гIадамазги, нухмалъулезги жал кIодо гьарун ратани гурони, гьитIинлъун гьел ратиларо.

ПатIимат МУХIАМАДОВА



■ БАРКИ




## Лъимал цIуниялъул къо

ХIурматиял районцоял, хирияв лъимал! РакI-ракIалъ баркула нужеда ТIолгодуниялалдаго лъимал цIуниялъул къо! Гьаб байрамалъ ракIалде щвезабула талихIаб лъимерлъи букIиналъе чIахIиязул жавабчилъи букIине ккей. Лъимадул талихI бараб буго эбел-инсул ва жамгIияталъул рокьиялда. Лъимал – нилъер букIинисеб, метерисеб къоялъул аслу! Нилъер районалда гIемерал руго пагьму-гьунар цIикIкIарал лъимал. Гьез санайил рихьизарула цIалулъ, спорталъулъ ва батIи-батIиял къецазулъ бергьенлъаби.

Лъимерлъиялъул ихтиярал цIунун нилъер пачалихъалъ гьабулеб буго кIудияб хIалтIи. Гьеб нилъеда бихьула лъимерлъиялда сверухъ къабул гьарулел ва тIоритIулел ругел батIи-батIиял социалиял программабаз.

Дица баркала кьола киналго улбузе, ясли-ахазул тарбиячагIазе, школазул мугIалимзабазе ва гIолилазул насихIатчагIазе талихIаб лъимерлъи букIинабиялъе гьабулеб хIалтIухъ. ТIурайги нужер ва лъималазул киналго мурадал.

Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

## Предпринимателазул къо баркана



- ХIурматиял предпринимателал, жакъа нужер профессионалияб байрамкъоялъ къабул гьабе дир ракI-ракIалъулаб барки. Гьаб байрам буго хIаракат бугезул, жигар-жан бугезул, гьунар бугезул! Нуж руго байбихьараб иш цебетIезабун бажарарал, гIуцIарухъанлъи гьабизе лъарал. Къануназдаги шаргIалдаги рекъон хIалтIани – даран буго бищун баракат бугеб пиша. Гьедин хIалтIулелги нилъер гIемерал руго. Нужер жигарчилъиялъул буго кIудияб кIвар нилъер районалъул экономикияб рахъ цебетIеялъеги. БацIцIадаб, хIалалаб магIишат гьабун тIоцебесеб иргаялда нужерго гIумру-яшав ва хадуб тIолго район цебетIезабиялъеги кьеги нужее сахлъи ва къуват, - ян баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул предпринимателалгун дандчIваялда районалъул бетIер МухIамад ХIасановас.

2007 соналдаса нахъе 26 май буго официалияб хIалалъ Россиялда предпринимателазул къолъун бихьизабун. Гьеб байрамалде бассун, райадминистрациялда МухIамад ХIасановас районалъул предпринимателалгун гьабуна дандчIвай. Гьединго, данделъиялде щвана экономикаялъул отделалъул ва райадминистрациялъул хIалтIухъаби.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ ЦIИЯБ ТIЕХЬ

# «Къелдерил годекIан»

**25 маялъ Ругъелда тIобитIана шагIир ва журналист Сайпула ГьитIинамухIамадовасул «Къелдерил годекIан» абураб тIехьалъул гьоркьоблъей. Гьеб ккола гьесулункъабилеб тIехь.**




Гьенир гIахьаллъана къелдерил росабалъа гурелги, рикIкIадаса гьалбалги. С. ГьитIинамухIамадовасул къалмие къимат кьун кIалъаял гьаруна районалъул херазул Советалъул председатель ГI. ХIажиевас, ветуправлениялъул начальник Къ. КъурбанмухIамадовас, Кавказалъул хъвадарухъабазул филиалалъул директор, Кавказалъул халкъияв шагIир М. Насрулаевас, РФялъул мустахIикъав артист М.НурмухIамадовас, ЦРБялъул тохтир М.Дибировалъ, КЦСОНалъул директор И.Ибрагьимхалиловас, ЦРБялъул бетIерав тохтир И. Халиловас, шагIир РабигIат Къурбановалъ, захIматалъул ветеран ГI. ХIажиясуловас, журналист ва шагIир РахIматула МухIамадовас ва цогидазги. Тадбир берцинго нухда бачана районалъул маданиялъул, спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул отделалъул нухмалъулев ГъапарГIабдулмухIамадовас.

Тадбир берцин гьабуна районалъул «Дагъбаш» ансамблялъ, ДРялъул мустахIикъав артист ГIумар Тахиевас. Гьесул кучIдул цIалана Ругъелда школалъул цIалдохъабаз.

Сайпула ГьитIинамухIамадов кIодо гьавуна М.Танкаевасул ракIалде щвеялъул медалалъ, ХIурматалъул грамотабаз ва сайгъатаз.

**НИЖЕР МУХБИР**



■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# Предпринимателазул къо баркана

(Байбихьи 1-себ гьум.)

Эркенаб гара-чIвариялда гIахьалчагIаз гьоркьор лъуна жидерго дармие ва предпринимательствоялъе кIвар бугелщинал суалал. Жакъа къоялъ федералияб ва регионалияб даражабазда даранчагIазе пачалихъалъулаб кумек щвезе хIажатал тадбирал гьарулел руго.

Украинаялда РФялъ гьабулеб спецоперациялда бан, нилъер пачалихъалъе къватIисел улкабаз лъун ругел санкциябаздалъун, нилъер даранчагIазе гIемерал захIмалъаби ккана ахираб заманалъ. ГьитIинал ва гьоркьохъел предпринимателазе кверчIваялъул суал кидаго букIана МухIамад ХIасановасул хасаб бербалагьиялда гъоркь.



- ХIукуматалъул ва предпринимателазул цадахъаб хIалтIиялдалъун гурони бажаруларо гьитIинаб ва гьоркьохъеб дармилал бакIал цIунизе ва хадубккун церетIезаризе.Улка, республика ва район цебетIеялъе гьабулеб хIалтIи ккола бищун кIвар бугездаса цояблъун. Къануназда рекъон хIалтIулел дармил чагIазе рес буго хIукуматалдаса кинабго кумек щвезе, кумекалъе гьабулеби жакъа къоялъ дагьаб гьечIо,- ян кIалъана МухIамад ХIасанов.

Районалъул бетIерас ва администрациялъул специалистаз дандбан, хIукму гьабуна районалъул бищун жигарал предпринимателал рехсезе ва гьезие шапакъатал кьезе.

ДаранчагIазул профессионалияб байрамалде МухIамад ХIасановас жигарал предпринимателазе баркалаялъул кагътал кьуна. ДандчIвай тIобитIана цIакъ лъикIаб, гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда. Хадубккунги гьадинал дандчIваял ва бажарараб кверчIвай гьабизе букIин бицана районалъул бетIерас.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ДАНДЕЛЪИ

# Бегавулзабигун иргадулаб дандчIвай

**26 маялъ райадминистрациялда тIобитIана росабазул бегавулзабазул иргадулаб данделъи. Аслиял суалалги рехсон, данделъи рагьана ва нухда бачана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас.**



Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул имам МухIамад ГIариповас, ОМВДялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас, районалъул участковиязул нухмалъулев МухIамад ГьитIинамухIамадовас, росдал бегавулзабаз ва администрациялъул цо-цо хIалтIухъабаз.

Изну гьечIел бакIазда гьарун ругел рищни-къул балел бакIал тIагIинариялъул, мусор бакIариялъул ва хутIелазда тIад хIалтIи гьабиялъул бицун кIалъазе вахъана районалъул бетIерасул заместитель ГI.Рамазанов.

Гьебго рищни-къулалда сверун ругел суалал гьоркьор лъун, хадубккун гьеб хIалтIи лъикIлъизабиялъе ругел ресазул бицун тIаде жубана М.ГьитIинамухIамадовас. Щибаб росулъ имамзабаз ва бегавулзабаз рекъонккун цадахъ бачани гьеб хIалтIи роцIунин пикру загьир гьабуна гьес.

Налогал ракIариялъул баяналгун ва росабазул администрациябазда хадур ругел налъаби дагьлъизаризе гьарулел хIалтIабазул бицана финотделалъул нухмалъулев М.Вагьабиловас.

Цереккун хIисабалде росун рукIарал ракьазул ихтиярал ругел ралагьиялъул бицана экономикаялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель ХI.ХIамзатовас. Гьединго, гьес хIалтIулъ дандчIвалел суалал лъугIизариялъе бичIчIи кьеял гьаруна ва росдал бегавулзабазда гьарана хъвай-хъвагIай гьабулелъуб ракьазул гIатIилъабазул къадар гьалатIал риччачIого кьеян.

Сакъатал учеталде росиялъул бицана капиталияб бакIал раялъул отделалъул бетIерав специалист М.ХIамзатовас. Гьеб очередалде росаразул сияхI дагьлъизе ва цIакъго хIажат бугезе кумек хехго щвеялъе кинал тадбирал гьаризе ккун ругел ричIчIизаруна гьес.

Районалъул имам МухIамад ГIариповас нилъер районалъул ракь къотIун ине ругел Аварагасул(с. гI.в.с.) асаразе дандчIваялъе гьаризе кколел хIалтIабазул бицана. Гьеб баракатаб ишалъулъ жигарчилъи бихьизабизе ахIана МухIамад ХIасановас районалъул жамагIат.

Данделъиялъул ахиралда бицана жакъа къоялъ ралел ругел объектазулги. Капиталияб ремонтазул тIолго проекталъулаб документация капиталияб строительствоялъул отделгун рекъебазун букIине кколеблъиялде хасаб кIвар буссинабуна районалъул бетIерас.

Данделъиялъул хIасилалда киналго суалазул жавабиял хIалтIухъабазда тIадкъана гьарулел хIалтIабазда хадуб хал кквезе.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**



■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIА

# Творческиялгун гIелмиял конкурсазда бергьенлъаби

**2021-2022 цIалул соналда жаниб нилъер районалъул цIалдохъабаз республикаялъул олимпиадабазда росарал бергьенлъабазул хъван букIана нижеца цебеккунги. Амма гIелму-лъаялда цадахъго творческияб рахъ цебетIезабиги буго мугIалимзабазда цебе лъураб масъала. Гьелъ, цIалул рахъалъ церетIурал гурелги, жидер батIи-батIиял гьунарал ругел цIалдохъаби загьир гьарула конкурсазда гIахьаллъиялдалъун.**

Гьаб соналъги районалъул школлъимализда гьоркьор лъайкьеялъул отделалъ тIоритIана кучIдул жидецаго гьаризе, кучIдул ахIизе, берцинго ва пасихIго гьел цIализе гьунар бугел, хабар гIуцIизе лъалел лъимал загьир гьариялъул мурадалда конкурсал. Гьезда гьоркьоса бищун гьунар тIокIал гIахьаллъана республикаялъулал ва ТIолгороссиялъулал этапазда.

Гьединал конкурсазул цояблъун буго ТIолгороссиялъул сочинениялъул конкурс «Без срока давности». Гьениб лъикIаб гIахьаллъи бихьизабуна КъахIиб, МачIада, ХIебда, Ракьуб, ХIотода, ГIасаб, Гьоор ва ТIогьохъ школазул лъималаз. Регионалияб этапалде ритIун рукIана МачIада ва ТIогьохъ школазул цIалдохъабазул хIалтIаби.

Щибаб соналъ тIобитIула ТIолгороссиялъул конкурс «Живая классика». Муниципалияб этапалда лъикIаб гIахьаллъи гьабуна ГьентIа, ХIебда, ТIидиб, МачIада, КъахIиб, Лъахъ, Гьандихъ, ГIасаб, Бакълъухъ школаз. Исана лъикIал хIасилал муниципалияб этапалда рукIана ва регионалияб этапалда гIахьаллъи гьабуна ГьентIа, ХIебда, ТIидиб школалъул лъималаз. Гьезда гьоркьоб бищун лъикIаб хIасил регионалияб этапалда букIана ГьентIа школалъул 9 классалъул цIалдохъан ГIумарова ГIайшат ГIалимирзаевналъул, руководитель ШехмухIамадова ПатIимат ГIалиевна.

Щибаб соналъ тIобитIула «Лучший чтец произведений дагестанских авторов на родных языках»-абулеб регионалияб конкурсалъул муниципалияб этап. Гьеб конкурсалда бищун лъикIаб гIахьаллъи гьабуна ТIидиб, ХIебда, ГIасаб, КъахIиб, МачIада, ХIотода, Ругъелда школазул 11 классазул цIалдохъабаз. Муниципалияб ва регионалияб этапалда 1-себ бакI щвана КъахIиб школалъул цIалдохъан МухIамадов МухIамадхIажи МухIамадовичасе, мугIалим- МухIамадова Рисалат Расуловна, магIарул мацIалъул учитель.

Творчествогун гIелмияб цIех-рехалъулал конкурсазулги республикаялда лъикIал хIасилал рихьизаруна нилъер цIалдохъабаз. Рехсезе цIарал гIемер рукIиналъ къокъго кколел руго гьел.

**«Зеленая планета -2022»**

1-себ даражаялъул диплом ва лауреатасул диплом щвана ХIебда гьоркьохъеб школалъул 7 классалъул цIалдохъан Будунов АхIмад Мухтаровичасе.

2-леб даражаялъул диплом щвана ХIебда гьоркьохъеб школалъул 6 классалъул цIалдохъан ГIумарова Хадижат КъурбанхIажиевналъе. Гьел хIадурана биологиялъул мугIалим ХIажиева Сапият ГIабдулвахIидовналъ.

**Язык предков. IV Межрегиональный конкурс, посвященный международному дню родного языка.**

1-себ даражаялъул диплом щвана ХIебда гьоркьохъеб школалъул 2 классалъул цIалдохъан ГьитIинамухIамадова Фатима ГIумарчиевналъе, мугIалим- НурмухIамадова ГIайшат ГIумаровна.

1-себ даражаялъул диплом щвана КъахIиб гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан МухIамадов МухIамадхIажи МухIамадовичасе, мугIалим –МухIамадова Рисалат Расуловна.

2-леб даражаялъул диплом- КъахIиб гьоркьохъеб школалъул 3 классалъул цIалдохъан Къурбандадиева Равзанат МухIамадсайпулаевналъе, мугIалим- ГIамирханова ПатIимат МухIамадовна.

**«Моя малая родина: природа, этнос, культура»**

3-себ бакI щвана ХIебда школалъул 9 классалъул цIалдохъан Ибрагьимов Расул Ибрагьимовичасе, мугIалим -АхIмадова Зайнаб МухIамадовна.

**«Мы дружбой народов сильны»**

Республикаялда призерлъун вахъана ХIебда гьоркьохъеб школалъул 10 классалъул цIалдохъан Ибрагьимов МухIамад ХIамзатович, мугIалим – Ибрагьимова Месед МухIамадовна.

**Конкурс юных исследователей окружающей среды**

1-себ даражаялъул диплом щвана ХIебда школалъул 7 классалъул цIалдохъан Будунов АхIмад Мухтаровичасе, мугIалим - ХIажиева Сапият ГIабдулвахIидовна.

**«Память сильнее времени»**

Лауреатасул диплом щвана ХIебда гьоркьохъеб школалъул 6 классалъул цIалдохъан Будунова ПатIимат Мухтаровналъе, мугIалим - ХIажиева Сапият ГIабдулвахIидовна.

**Олимпиада Всероссийского проекта «Символы России»**

Призерлъун яхъана ХIебда школалъул 7 классалъул цIалдохъан ХIажиева ШугIайнат МухIамадрасуловна, мугIалим – МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна.

Призерлъун яхъана ХIебда школалъул 7 классалъул цIалдохъан ХIасанова Аминат ХIажимурадовна.

**«Палитра культур» Международный конкурс на родных языках для детей и молодежи**

1-себ бакIалъе мустахIикълъана Лъахъ школалъул 9 классалъул цIалдохъан Абакарова ПатIимат ШехмухIамадовна,

1-себ бакI щвана Лъахъ школалъул 8 классалъул цIалдохъан Абакарова ГIайшат ШехмухIамадовналъе. Гьел хIадурарай мугIалим - ХIажиева Хадижат ГIалиевна.

**«Права человека глазами ребенка»**

3-леббакIщвана Ругъелда гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан ТIайгибов МухIамад МухIамадовичасе. МугIалим – ХIажимухIамадов МухIамад МухIамадович.

IV Всероссийский конкурс рисунков по ПДД « Мой папа и Я за безопасные дороги» приуроченный ко дню Защитника Отечества

1-себ бакI- ТIидиб школалъул цIалдохъан ХIасанов Гирай, мугIалим – ГIумарова ГIайшат МухIамадовна.

2-леб бакI – ТIидиб школалъул цIалдохъан ХIусейнов ГьитIино, мугIалим- ГIабдулаева ПатIимат ГIисаевна.

1-себ бакI- ТIидиб школалъул цIалдохъан ГIисалмухIамадов Ибрагьим, мугIалим-ГIабдулаева ПатIимат СагIадулаевна.

1-себ бакI- ТIидиб школалъул цIалдохъан МухIамадов ХIажи, мугIалим –МухIамадова ГIайшат МухIамадовна.

1-себ бакI- ТIидиб школалъул цIалдохъан ГIайшат Шехова, мугIалим- МухIамадова Хадижат МухIамадовна.

**Всероссийский конкурс экологических рисунков**

Республикаялда 1-себ даражаялъул диплом щвана ХIебда школалъул 6 классалъул цIалдохъан ГIумарова Хадижат КъурбанхIажиевналъе, мугIалим- ХIажиева Сапият ГIабдулвахIидовналъе.

3-леб бакIалъе мустахIикълъана ТIогьохъ гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан Къадиев АхIмад Давудович.

Гьебго конкурсалъул Россиялъулаб этапалда призерлъунги яхъана ГIумарова Хадижат КъурбанхIажиевна.

16 маялда тIоритIана цIалдохъабазул проектазул халгьабиялъул Халкъазда гьоркьосеб «**Школа реальных дел**» абураб къец. ХIебда школалда цебе рагьун бугеб «Точка Роста» централъул лъимал цIалул сон байбихьаралдаса хIадурана гьезде.

Жидерго проектал цIунизе цIалдохъаби ине кколел рукIана Москваялде. Гьенире ине щвечIезе рес кьуна интерналъул кумекалдалъун гIахьаллъизе. «Домашние эксперименты по физике» абураб проекталда гIахьаллъарал цIалдохъабазе щвана кIиабилеб бакI. Финалиял къецазде борчIун букIараб 16 командаялда гьоркьоб букIана ХIебда школалъул командаги. Къецалъул гIахьалчагIи-7 классалдаса МухIамад Давудов, 11-леб классалдаса Айсарат Жамалодинова, Хадижат ХIамзатова, НурмухIамад КъурахIов. Проекталъе нухмалъи гьабуна ХIебда школалъул мугIалим Давуд Давудовас.

Бищунго хIалуцараблъун букIана «Я-блогер» абураб проект цIуниялъул къец. Гьенир гIахьаллъана Россиялъул, Египталъул, Белоруссиялъул ва Абхазиялъул 43 команда. Финалалде рорчIана гьездаса 10 команда. ХIебда школалъул цIалдохъабаз хIадурараб жакъа къоялъул кIвар бугеб суал борхараб «Моя медиагигиена» проекталъе щвана 3 бакI. Москваялде рачIун проект цIунун букIарабани даража цIикIкIараб щвезе букIанин абуна жюриялъул председательлъи гьабурай, ТIолгороссиялъул «Вопросы интернет образования» журналалъул бетIерай редактор Екатерина Якушиналъ. Жюриялъ кIудияб къимат кьуна Москва шагьаралъул цересел бакIал росарал школазда рищадго церерахъарал ХIебда школалъул цIалдохъабазе. Командалъул гIахьалчагIи ккола 7-леб классалдаса ШугIайнат МухIамадова ва МухIамад Давудов, 9-леб классалдаса Хадижат ГIабдулаева, 10-леб классалдаса ГIашура ГIабдулаева ва 11-леб классалдаса Айсарат Жамалодинова, Хадижат ХIамзатова, МухIамад ГIалиев, НурмухIамад КъурахIов. Проекталъе нухмалъи гьабуна ХIебда школалъул мугIалим Давуд Давудовас ва «Цолъи» газеталъул бетIерай редактор ПатIимат МухIамадовалъ.

«Экологический челлендж» абураб проектазул къецалда 2-леб бакI щвана ХIебда школалъул цоги къокъаялъе. Командаялда рукIана 11-леб классалъул цIалдохъаби: Хадижат ХIамзатова, Айсарат Жамалодинова,НурмухIамад КъурахIов, ГIайшат МаналмухIамадова, МухIамад ИмангIалиев. Гьенир гьорлъ рукIана цо чанго конкурсалда цадахъго гIахьаллъи гьабурал цIалдохъаби, гьезул бажари-гьунаралъул тIадегIанлъи загьирлъулеб буго гьелъ. Къецазде команда хIадурана биологиялъул мугIалим АхIмадова Зайнаб МухIамадовналъ.

2021-2022 цIалул соналда «Школа реальных дел» абураб къецазда гIахьаллъана 4000 цIикIкIун цIалдохъан ва ВУЗалгун колледжазул студентал. Россиялдаса гурелги Беларуссия, Франция, Чехия, Великобритания, Уганда, Абхазия, Молдавия, Казахстан, Армения хIукуматаздаса гIахьалчагIи рукIана гьел къецазда. Гьелъ гьел бергьенлъаби цIакъ кIвар цIикIкIараллъун руго нилъер цIалдохъабазул.

**Лъайкьеялъул отделалъул баяназда рекъон хъвана ТI. МУХIАМАДОВАС**

*Киналго конкурсалгун олимпиадабазул хIасилалги цIалул къиматалги данде росун районалъул лъайкьеялъул отделалъ цIалул соналъул ахиралда рихьизарула бищун лъикIал цIалдохъаби. Гьезие кьола «Ученик года» абун цIар.*

**2022 соналъ гьеб конкурсалъул хIасилазда 1-себ бакI щвана ХIебда гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан КъурахIов НурмухIамад МухIамадовичасе.**



**2-леб бакI бихьизабуна ТIидиб гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан МухIамадов ГIабдурахIманхIажи ГIасовичасе.**



**3-леб бакI щвана Ругъелда гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан ГьитIинамухIамадова ГIайшат ХIасановналъе**



**ва ТIогьохъ гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан ШехмухIамадова Аминат Абубакаровналъе.**



■ БАРКИЯЛ



Гьаб соналъул 4 июналъ 83 сон тIубала ТIогьохъ росдал ветераназул Советалъул председатель, Дагъистан республикаялъул халкъияб лъайкьеялъул отличник, 57 сон лъимал

азе тарбия-лъай кьеялъе кьурав МухIамаднабиев Заирбег Меселовичас.

Районалъул ветераназул Советалъул президиумалъ З.М.МухIамаднабиевасе гьарула халатал сонazal гIумру, даимаб сахлъи, гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъе къуватги, бажариги, гьунарги.

**Районалъул ветераназул Советалъул председатель М-р АСХIАБОВ**

## Баркула юбилей

Инсанасул рукъалъе
КъваригIунеб чIаголъи
Дур къебелъухъ гурони
КъачIаларо, учитель.
Къадру даража тIокIав
Багьадур ватаниги
Дур чархида кквечIого
Чи лъаларо, учитель.

**(ЦIадаса ХIамзат)**

5 июналъ 1942 соналъ гьавуна ТIелекь гьоркьохъеб школалъул мугIалим, Дагъистаналъул мустахIикъав учитель МухIамадов Рамазан. Ниж классцояз дуда баркула дуца балеб бугеб 80сон. Дур гIумру халалъайги, дунялалда рекъел щулалъайги, вохун таги. РаралгIанасел санал тIадеги раги.

Дуе бацIцIадаб зобги, роцIараб дунялги, даимго сунареб рохалил гьимиги, гьайбатаб гIумруги гьарулел : Малачиева ГIайшат, Маргъалов МухIамад, Сатаров МухIамадхIабиб, МухIамаднабиев Заирбег, КъадимухIамадов МухIамад.

■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

## Оперативно-профилактическая операция «Мак-2022»




На территории Республики Дагестан с 30.05 по 08.06.2022 года проводится межведомственная комплексная оперативно-профилактическая операция «Мак-2022» 1-й этап.

Основными целями и задачами операции являются:

Выявление и ликвидация незаконных посевов запрещенных к возделыванию растений, содержащих наркотические вещества;

Выявление и привлечение к ответственности лиц, осуществляющих незаконное культивирование запрещенных к возделыванию растений, содержащих наркотические вещества;

Выявление и перекрытие внутрирайонных, межрайонных и каналов незаконной транспортировки наркотических средств естественного происхождения;

Задержания и привлечение к ответственности перевозчиков и сбытчиков наркотических средств естественного происхождения;

Выявление очагов произрастания дикорастущих растений, содержащих наркотические средства и организация их уничтожению;

Выявление и устранение причин и условий способствующих распространению наркотических средств естественного происхождения.

В связи с вышеизложенным просим всех граждан принять активное участие в данной межведомственной комплексной оперативно-профилактической операции «Мак-2022» 1-й этап и сообщить о лицах употребляющих, занимающихся распространением наркотических средств, о местах реализации насваев, таблеток, которые содержат наркотические вещества.

При имеющейся любой информации сообщить по следующим абонентским номерам:

1. Д/ч тел:020, 92-23-25
2. Д/ч тел:8-999-418-90-70

**ОМВД России по Шамильскому району**

■ ОБЪЯВЛЕНИЯ

## Об участии в проекте капитального ремонта детских садов

В 2022 году в Республике Дагестан стартует реализация Республиканского проекта по капитальному ремонту детских садов. Цель проекта – улучшение состояния материально-технической базы дошкольных образовательных организаций и сокращение количества дошкольных образовательных организаций, размещенных в ветхих зданиях и зданиях, требующих капитального ремонта.

Порядок проведения конкурсного отбора проекта утвержден постановлением Правительства Республики Дагестан от 8 апреля 2022 года № 81 «О реализации на территории Республики Дагестан проектов инициатив муниципальных образований Республики Дагестан, направленных на осуществление капитального ремонта дошкольных образовательных организаций».

Муниципальное казенное дошкольное образовательное учреждение «Тляхский детский сад» сообщает об участии в проекте 100 детских садиков, для осуществления капитального ремонта дошкольного образовательного учреждения и получения субсидии на их реализацию.

## О проведении конкурса по продаже права на заключение договора аренды земельного участка

Администрация МО «село Цекоб» Шамильского района Республики Дагестан сообщает о проведении 30 июня 2022 года конкурса по продаже права на заключение договора аренды земельного участка с кадастровым номером 05:33:000073:321, общей площадью 163514 кв.м. из категории земель сельскохозяйственного назначения, с разрешенным видом использования: для сельскохозяйственного производства, расположенный по адресу: 368437, Республика Дагестан, р-н Шамильский, с Цекоб, в местности “Умахади”.

Форма подачи предложений о размере арендной: закрытая. Заявления об участии в конкурсе принимаются до 24 июня 2022 года по адресу: 368437, Республика Дагестан, р-н Шамильский, с Цекоб, ул. Имама Шамиля д.№ 102

**Глава МО «село Цекоб»**
**Шехмагомедов Т.Ш**

Утерянный аттестат, за номером № 05ББ0102206, выданный Магомедрасулову Магомедкасуму Абдулаевичу 22.09.1993г.р., об окончании 9кл. МКОУ «Урибская СОШ» в 2009г, считать недействительным.


# ЦОЛЬИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
**П.Ш. МухIамадова**
тел: 2-22-09
код: 887259

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
П.Гь. Жамалудинова

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

**НАБОР**
М. ГьитIиномухIамадовалъул

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял сонazda газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материал газеталда рахъула, гьезие общественностиalъ кьимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50